

Fòmilè Seleksyon Jistis Anviwònmantal

Non Pwojè a	Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten
Dat ki Prevwa pou fè Depo Demann nan MEPA	31 jiyè 2023
Non Pwomotè a	Otorite Resous Dlo Massachusetts (Massachusetts Water Resources Authority, MWRA)
Kowòdone (pa egzanp, konsiltan)	MWRA Colleen Rizzi Colleen.Rizzi@mwra.com 857-331-2574
Sitwèb piblik pou pwojè a oswa lòt kote fizik kote moun ka jwenn materyo pwojè a (si disponib)	https://www.mwra.com/mwtp.html
Minisipalite ak Kòd Postal pou Pwojè a (si w konnen li)	Belmont (02478), Boston (02124, 02126, 02130, 02131, 02132, 02136), Brookline (02445), Dedham (02026), Needham (02494), Newton (02459, 02461, 02462, 02464, 02466, 02467), Waltham (02451, 02452, 02453), Watertown (02472), Wellesley (02481), Weston (02493)
Tip Pwojè* (fè lis tout sa ki aplikab)	Apwovizyonman Dlo - Tretman/ mwayen transpò
Èske sit pwojè a lokalize nan yon plèn ki ka inonde ke FEMA te mete sou kat sou 100 lane? Wi/Non/ pa konnen	Wi
Estimasyon emisyon GES espas klimatize yo (Klike la a pou zouti Estimasyon GES)	<p>Yo prevwa ke Pwogram nan ap jenere emisyon minimal gaz ak efè sè (GES) pandan eksplwatasyon I (sa vle di, apre konstriksyon). Kidonk, egzanpsyon “de minimis” (twò minim) nan t ap aplikab pou operasyon yo, epi yo pa t realize yon evaliyasyon kantitatif GES operasyon Pwogram nan.</p> <p>MWRA te prepare yon evaliyasyon kantitatif emisyon NO_x, VOC ak GES pandan peryòd konstriksyon Pwogram nan ki te demonstre ke enpak sou kalite lè a pou tout altènatif yo sipoze ase minè, epi lontan pi ba pase sèy enpak sou kalite lè eta ak federal yo.</p>

Deskripsiyon Pwojè a

1. Bay yon deskripsiyon tou kout pwojè a, ki enkli dimansyon global sit pwojè a ak kantite pye kare batiman ak estrikti ki pwopoze yo si w konnen.

Anviwon 14.5 mil apati de (2) novo tinèl apwovizyonman dlo ki rive nan pwofondè wòch la (aliyman nò ak sid yo) pou asire redondans Sistèm Tinèl Metropoliten MWRA ki egziste deja a. Sa a gen ladan I jiska 14 sit sou sifas tè a nan 6 minisipalite ki bay jiska 9 ak (acres) sèvitid oswa akizisyon tè. Sipèfisi final yo ap disponib nan Pwojè pou Rapò Final sou Enpak Anviwònmantal la (Final Environmental Impact Report, FEIR) epi y ap soumèt yo pou konsepsyón final la.

2. Liste limit egzamen MEPA ki prevwa yo (301 CMR 11.03) (si w konnen yo)

11.03(4)(a)3. Konstriksyon youn oswa plis nouvo tiyo prensipal dlo ki mezire dis oswa plis mil nan longè.

11.03(1)(b)3. Konvèsyon tè yo te kenbe nan objektif resous natirèl konfòmeman ak Amandman Konstitisyon Commonwealth la, Atik 97 pou tout objektif ki pa konfòm ak Atik 97.

11.03(1)(b)(1): Modifikasyon dirèk nan 25 ak (acres) tè oswa plis

11.03(3)(b)(1)(f): Modifikasyon $\frac{1}{2}$ ak (acre) marekaj oswa lòt milye ki imid

11.03(6)(b)(2)(b): Konstriksyon, elajisman oswa antretien yon wout oswa dwa pasaj li ki pral lakòz koupe senk oswa plis pye bwa ki sitiye sou wout piblik oswa pye bwa ki gen yon dyamèt 14 pou oswa plis nan wotè pwatrin .

3. Liste tout pèmi leta, lokal ak federal ki prevwa ki nesesè pou pwojè a (si w konnen yo)

Ajans/Depatman	Pèmi Potansyèl/Apwobasyon/Aksyon
Federal	
Etazini Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (USEPA)	Sistèm Nasional Eliminasyon Rejè Polyan yo (NPDES) Pèmi Jeneral pou Konstriksyon (CGP)
	Pèmi Jeneral Asèchman ak Asenisman NPDES, si li nesesè
Etazini Kò Enjenyè Lame a (USACE)	Seksyon 404 Pèmi Depatman Lame (Avi Jeneral ak pou Konstriksyon Pwojè) ¹
Commonwealth Massachusetts	
Biwo Ekzekitif Afè Enèji ak Anviwònmantal (EEA)	Analiz Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts (MEPA)
Komisyon Istorik Massachusetts (MHC)	Analiz konfòmeman ak MGL Ch. 9, Seksyon 26-27C
Depatman Transpò Massachusetts (MassDOT)	Dispozisyon tè yo/sèvitid ¹ Pèmi pou Aksè ak Otowout/Aksè ak Konstriksyon ¹
Otorite Transpò Massachusetts Bay (MBTA)	Kontra Lisans Aksè ak Dwa Pasaj MBTA, si li nesesè
Depatman Konsèvasyon ak Lwazi (DCR)	Dispozisyon tè yo/sèvitid ¹ Pèmi Konstriksyon/Aksè ¹
Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Massachusetts (MassDEP)	Modifikasyon Sistèm Distribisyon an Lwa sou Jestyon Dlo Òdonans Ranplasman Kondisyon yo, lè gen apèl ¹ , si li nesesè Seksyon 401 Sètifikasi Kalite Dlo a ¹ Chapit 91 Lisans ¹
Divizyon Jestyon ak Antretien Imobilizasyon Massachusetts	Atik 97 Lejislasyon sou Dispozisyon Tè yo ¹
Lokal	
Komisyon Konsèvasyon	Òdonans Kondisyon Lwa sou Pwoteksyon Tè Imid yo ¹
Depatman Travo Piblik	Pèmi Aksè Woutye/Pèmi Ouvèti Ri yo ¹
Komisyon Dlo ak Egou Boston	Pèmi pou itilize Bouch Ensandi

¹ Endike ke pèmi oswa apwobasyon an espesifik ak sit la.

4. Idantifye popilasyon EJ yo ak karakteristik yo (Minorite, Revni, Izòlman Anglè) ki nan espas 5 kilomèt sit pwojè a (ou ka atache kat ki idantifye reyon 5 kilomèt la apati [Vizayilizè Kat EJ](#) nan plas yon eksplikasyon)

Yo te ranpli fòm pou Notifikasyon Anviwònmantal (ENF) pou Pwogram sa a nan mwa mas 2021 epi yo te depoze yon DEIR nan dat 17 oktòb 2022. DEIR ak DEIR Siplemantè (SDEIR) sa a pa yon nouvo rapò e kidonk yo pa tonbe anba Pwotokòl Enplikasyon Piblik MEPA pou Popilasyon Jistics Anviwònmantal yo ni Pwotokòl Pwovizwa MEPA pou Analiz Enpak Pwojè a sou Popilasyon Jistics Anviwònmantal yo. Sepandan, Otorite a ap konfòme I, yon fason volontè, ak mizajou sa yo nan mezi ki posib epi I ap fè sansibilizasyon ak analiz ki apwopriye epi ki konplè sou popilasyon EJ (Jistics Anviwònmantal) ki toupre sit ki pwopoze yo. Pou I byen alien ak Pwotokòl EJ ak règleman ki amande MEPA a, Zòn Etid EJ a te defini tankou popilasyon EJ nan yon reyon ki mezire 1 mil pandan yo te itilize yon pwen santral apwoksimatif, oswa yon zòn tanpon ki mezire 1 mil apati limit pètibasyon yo (LOD) pou zòn kote LOD yo pa distribye oswa separe yon fason egal, pou chak sit ki pwopoze yo, pou evalye enpak yo.

Tanpri, konsilte imaj ki vini ak dokiman sa a ki ilistre popilasyon EJ ki nan limit 1 mil sit ki pwopoze yo.

5. Idantifye tout minisipalite oswa sektè resansman ki reponn ak definisyon "kritè EJ pou sante vilnerab" nan [Zouti DPH EJ](#) ki lokalize nan tout oswa nan yon pati nan yon espas reyon 1 mil sit pwojè a

Blòk resansman EJ yo ki nan distans 1 mil parapò ak sit Ameriken Legion an ak Southern Spine Mains nan Boston, ak Sit UMass, Pati anba Pwopriyete Fernald, sit School Street, ak Estasyon Ponpaj Cedarwood nan Waltham yo nan zòn resansman ki gen pousantaj Prevalans Elve Plon nan San pou chak 1,000 moun ki piwo lontan sa pase to Eta a.

Blòk resansman EJ yo nan yon distans 1 mil parapò ak sit American Legion ak Southern Spine Mains nan Boston, St. Mary Street Pumping Station nan Needham, ak Sit UMass, Pati anba Fernald Property, School Street, ak Estasyon Ponpaj Cedarwood nan Waltham yo nan zòn resansman ki gen pousantaj Pwa Nesans ki pi Ba pou chak 1,000 moun ki pi wo lontan sa pase pousantaj Eta a.

Yo te idantifye kritè sante vilnerab nan nivo kominotè nan Boston yo kòm to ki pi elve lontan sa konpare ak pousantaj eta a, jan li gen rapò ak Ameriken Legion an, Southern Spine Mains, Estasyon Ponpaj Newton Street la (Brookline).

6. Idantifye enpak potansyèl akoutèm ak alontèm sou anviwònman ak sante piblik ki ka afekte Popilasyon EJ yo ak tout atenyasyon ki prevwa yo

Aktivite Pwogram nan pap agrave chaj anviwònmantal ak sanitè ki egziste deja ke Zouti EJ DPH la te idantifye yo.

Pa gen enpak alontèm sou anviwònman oswa sante piblik ki ka afekte popilasyon EJ yo. Gen enpak akoutèm sou konstriksyon ki prevwa ki soti nan ogmantasyon sikilasyon kamyon, nivo bwi konstriksyon yo ak kontaminan potansyèl yo jwenn nan sediman yo fouye. Avèk mezi atenyasyon ki planifye yo, yo pa prevwa okenn efè oswa enpak negatif dispwopòsyone k ap ka afekte popilasyon EJ yo.

Enfòmasyon detaye sou enpak potansyèl yo ak mezi atenyasyon ki planifye yo te disponib nan DEIR a epi yo te devlope yo an plis detay nan SDEIR la.

7. Idantifye avantaj pwojè a, ki enkli "Avantaj Anviwònmantal" jan sa defini nan 301 CMR 11.02, sa ki ka amelyore kondisyon anviwònmantal oswa sante publik popilasyon EJ a

Objektif Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten an se pou amelyore fyabilite Sistèm Tinèl Metropoliten ki sèvi zòn metropoliten Boston an, sa k ap pèmèt antretyen ak reparasyon sistèm nan san entèripsyon sèvis la yon fason k ap konsève kapasite sistèm nan pou l founi dlo ki nesesè pou sipòte sante ak sekirite publik.

Objektif prensipal Pwogram nan se pou pwoteje sante publik la, asire asenisman epi asire pwoteksyon kont ensandi, konfòmeman ak misyon Otorite a.

8. Dekri kijan kominote a ka solisite yon reyinyon pou diskite sou pwojè a, ak kijan kominote a ka solisite yon sèvis entèpretasyon lang aloral nan reyinyon an. Bay presizyon sou kijan pou solisite lòt aranjmanm ki enkli reyinyon apre lè travay ak nan espas ki toupre transpò publik.


Kominote yo ka solisite yon sesyon enfòmasyon publik lè yo kontakte:

Carmine De Maria

Manadjè Relasyon Kominotè

Carmine.Demaria@mwra.com

617-963-9876




Pwogram Tinèl Dlo
Metropoliten

Kontra MWRA No. 7159 Rapò
Preliminè ane 2023 sou Enpak
Siplementè Jistis
Anviwònmantal



Kat Apèsi Jistis Anviwònmantal
Panèl 1

Sous: MassGIS, NHESP, MWRA




Pwogram Tinèl Dlo
Metropoliten

Kontra MWRA No. 7159 Rapò
Preliminè ane 2023 sou Enpak
Siplementè Jistis
Anviwònmantal



Kat Apèsi Jistis Anviwònmantal
Panèl 2

Sous: MassGIS, NHESP, MWRA



Pwogram Tinèl Dlo
Metropoliten

Kontra MWRA No. 7159 Rapò
Preliminè ane 2023 sou Enpak
Siplementè Jistis
Anviwònmantal



Kat Apèsi Jistis Anviwònmantal
Panèl 3

Sous: MassGIS, NHESP, MWRA